



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU TWAZYÈM AK KATRIYYÈM LANMÒ ETA NEW YORK AKÒZ MALADI KI ASOSYE AK SIGARÈT ELEKTWONIK

"Depatman Sante (Department of Health) Eta a konfime de lanmò anplis nan New York akòz maladi ki asosye ak sigarèt elektwonik: yon fi ki nan ventèn li nan Vil New York ak yon fanm ki nan senkantèn li ki soti nan Konte Ontario. Pandan ke DOH Eta ap kontinye investigasyon li yo, yo detèmine ke tou de lanmò yo gen rapò ak sigarèt elektwonik sou baz yon egzamen apwofondi, sa ki mete kantite lanmò total ki gen rapò ak sigarèt elektwonik yo nan New York a kat.

Lanmò sa yo trajik — epi yo ka prevni yo tou. Nou konnen fimen ak nikotin danjere, epi li vin trajikman pi klè de jou an jou ke sigarèt elektwonik yo danjere tou.

DOH Eta a ak Laboratwa Sant Wadsworth (Wadsworth Center Laboratory) li yo ap fè yon travay revolisyone kap rive nan fon sitiyoasyon inakseptab sa epi nou pral kontinye itilize tout zouti ki a dispozisyon nou jiskaske maladi ak lanmò sa yo sispann. Antretan mesaj nou an sou sigarèt elektwonik rete san chanje: si ou pa konnen ki sa w'ap fimen an, ebyen pa fimen li".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)